



Pou Piblikasyon Imedya: 16/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL NOUVO ETAP ENPÒTAN NAN EFÒ POU KONSTUI
ESTASYON RECHAJ RAPID YO POU VEYIKIL ELEKTRIK ATRAVÈ ETA NEW
YORK YO**

***Administrasyon Federal Otowout la apwouve plan ajou Eta a pou itilize Fon
Pwogram Enfrastrikti pou Veyikil Elektrik Nasyonal la pou kreye estasyon rechaj
rapid yo***

***Apwobasyon an pèmèt Eta New York pral resevwa 37.4 milyon dola finansman
NEVI***

***Depatman Transpò Eta a ap travay ak Otorite Enèji Eta a pou akselere
enstalasyon apeprè 20 nouvo plas rechaj rapid vè fen 2024 la***

***Sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a pou
diminye emisyon gaz a efè sè yo jiska 85 pousan dis 2050 ak egzijans Eta New
York pou tout nouvo veyikil pasaje yo vann nan Eta New York se zewo emisyon
dis 2035***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon etap enpòtan nan efò New York ki se lidè nan peyi a pou konbat chanjman klimatik la ak tranzisyon vè veyikil zewo emisyon. Administrasyon Otowout Federal la (Federal Highway Administration) te apwouve [Plan aktyalize Eta New York la pou itilize Fon Pwogram Enfrastrikti pou Veyikil Elektrik Nasyonal la \(National Electric Vehicle Infrastructure Program Funds\)](#) pou enstale epi fè fonksyone plis estasyon rechaj rapid, k ap fè wout pou eta a resevwa pwochen distribisyon 37.4 milyon dola li a pou kontinye konstriksyon an.

“Pou reyalize objektif anbisyè nou yo pou diminye emisyon gaz efè sè lè nou fè tranzisyon pou tout veyikil yo elektrik, Eta New York dwe genyen yon vas rezon estasyon rechaj ki fasil pou itilize epi ki pratik pou rive jwenn” **Gouvènè Hochul te deklare.** “Lè nou itilize fon federal ki enpòtan anpil sa yo epi lè nou travay ansanm epi konbine bon jan konpetans ak resous, Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) ak Otorite Enèji (Power Authority) eta nou an ap kreye yon rezon rechaj modèn k ap ankouraje plis moun posede Veyikil elektrik yo epi ede fè arè nan yon estasyon gaz tounen yon bagay nan lefase.”

Apwobasyon an vini pandan Depatman Transpò ak Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) te antre nan yon akò pou alwe premye vèsman fon NEVI yo —apeprè 20 milyon dola—pou konble eka ant rès estasyon rechaj yo sou gwo otowout eta yo. Dapre akò sa, Otorite Enèji a ap itilize pwogram [enfrastrikti rechaj rapid Evolve NY](#) la pou idantifye kote potansyèl yo epi enstale enstalasyon rechaj yo nan omwen 20 zòn ki gen eka ki deziyen nan pwogram NEVI-a sou otowout kle eta yo, ke yo prevwa pi plis k ap fini vè fen 2024 la. Depatman Transpò a ap pwofite de veyikil ki gen kontra siplemantè yo pou faz fiti pwogram NEVI a ki ale pi lwen pase koridò konstriksyon an, tankou patenarya piblik-prive, pou devlope kouvèti jeografik enfrastrikti rechaj ki aksesib epi pou soutni kreyasyon enfrastrikti rechaj pou veyikil mwayen ak veyikil pwa lou yo.

Pwogram NEVI a te kreye nan kad Lwa istorik sou Envestisman nan Enfrastrikti ak Djòb (Infrastructure Investment and Jobs Act, "IIJA") 2021 an epi li bay finansman federal ki konsakre pou eta yo pou sipòte deplwaman estratejik enfrastrikti Rechaj Rapid nan Kouran Kontini Nivo 3 pou veyikil elektrik epi tabli yon rezo ki entèkonekte pou rechaj ki fyab, ak yon aksan sou kote ki toupre sòti otowout ant eta yo. New York prevwa resevwa 175 milyon dola sou senk an men li dwe soumèt plan ajou yo bay Administrasyon Federal la chak ane sou kijan li gen entansyon depanse lajan an pou resevwa alokasyon anyèl li a.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Pou kreye yon sistèm transpò ki respekte klima a, sa mande pou nou fè tout sa nou kapab pou ankouraje itilizasyon veyikil elektrik. Depatman Transpò a fyè pou fè pati nouvo inisyativ sa, k ap literalman mete yon rechaj nan efò New York ki se lidè nan nasyon an, ap fè pou konbat rechofman mondyal la epi ede fè Veyikil Elektrik yo tounen yon opsyon ki pi atreyan epi pi adapte pou chofè yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare, "Otorite Enèji a kontan pou se premye benefisyè finansman federal NEVI Eta New York, ke n ap eksplwate pou akselere devlopman rechaj rapid DC pou ede New York atenn objektif diminyasyon kabòn agresif li. NYPA kontan anpil pou kolabore ak patnè Depatman Transpò nou yo pou devlope rezo rechaj EVolve NY nou an pi plis lè nou kon eka nan zòn yo nan fason estratejik sou koridò otowout kle yo, k ap pèmèt New York gen aksè rapidman nan rès finansman federal ki disponib la pou asire ke Veyikil elektrik vin pi aksesib epi adapte nan tout eta a."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Lè nou envesti nan rechaj veyikil elektrik sa ofri opòtinite pou revolisyone sektè transpò Amerik la, se poutèt sa mwen te pouse pou pwovizyon Veyikil elektrik yo nan Lwa sou Envestisman nan Enfrastrikti ak Djòb la. Mwen anime pou wè envestisman sa yo livre bay kominote New York nou yo. Mwen atann pou nou kontinye travay pou apiye travay sa k ap diminye depans pou konsomatè yo, redui emisyon yo, epi ede nou reyalize objektif klimatik nou yo."

Reprezantan Brian Higgins te deklare, "Pou fasilite yon tranzisyon vè transpò ki pwòp, nou dwe envesti nan enfrastrikti rechaj veyikil elektrik ki aksesib toupatou. Gras

ak finansman ki soti nan Lwa sou Enfrastrikti Bipati istorik la, Eta New York se lidè nan rechaj vè yon avni enèji renouvlab lè li kreye yon rezo estasyon rechaj veyikil elektrik rapid sou gwo wout ki konekte kominote nou yo. Anons sa se yon lòt etap ankò ki franchi pou rann transpò ki pwòp la pi reyalyab, k ap mete nou pi pre pou reyalye objektif klimatik 2040 nou yo."

Reprezantan Ritchie Torres, te deklare, "Investisman nan transpò ki pwòp se investisman nan avni nou epi ki se yon rezon ki fè mwen fyè pou sipòte pwojè lwa sou enfrastrikti ak travay istorik, ki pote transfòmasyon, epi bipati Prezidan Biden lan nan dènye Kongrè a. Kounye a, sou lidèchip Gouvènè Hochul, New York sou pwèn pou konsakre 37.4 milyon dola nan finansman NEVI pou estasyon rechaj rapid atravè eta a, k ap franchi yon lòt etap enpòtan nan plan aksyon klimatik li a ki se lidè nan peyi a. Efò sa ale nan menm sans ak angajman konjwen nou anpil pou konbat chanjman klimatik la, diminye emisyon yo, epi konstui yon avni ki pi dirab, pi sen."

[Plan Nasyonal Enfrastrikti Veyikil Elektrik](#) New York la te devlope pa Depatman Transpò Eta New York nan kolaborasyon ak Otorite Devlopman ak Rechèch nan Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSEERDA); Depatman Prezèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la; Otorite Enèji New York; Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS) Eta New York; Otorite Thruway Eta New York (New York State Thruway Authority); ak Otorite Enèji Long Island (Long Island Power Authority).

Atravè pwogram EVOlve NY la, Otorite Enèji New York la te enstale chajè gran vitès sou tout gwo koridò depasman Eta New York yo, soti Buffalo rive Albany epi soti nan Adirondacks yo rive Long Island. Objektif pwogram lan se pou rann li pi fasil anpil pou Nouyòkè yo kondui nan nenpòt direksyon atravè eta a epi jwenn chajè ki rapid pou yo ka alimante epi tounen nan wout la rapidman. Tout veyikil elektrik ki alimante pa batri ki gen kapasite pou chajè rapid ka chaje nan yon chajè rapid EVOlve NY nan 20 minit, ki enkli machin Tesla ki gen yon adaptè. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou chajè EVOlve NY yo sou sitwèb pwogram [EVOlve NY](#) la.

Investisman 1 milya dola Eta New York nan elektrifye sektè transpò li a enpòtan anpil pou satisfè plan klimatik ak enèji pwòp global Eta New York la. Diminye emisyon kabòn ak polisyon nan veyikil yo kreye lè pi pwòp ak kominote ki pi an sante, patikilyèman nan zòn defavorize yo. Yon seri inisyativ ogmante aksè nan veyikil elektrik epi amelyore transpò piblik pwòp pou tout Nouyòkè ki enkli EV Make Ready (Prepare Veyikil Elektrik), EVOlve NY, Drive Clean Rebate (Rabè pou Kondui yon Fason Ekolojik), New York Truck Voucher Incentive Program (NYTVIP) ak finansman federal nan kad Pwogram NEVI (Enfrastrikti Nasyonal Veyikil Elektrik) la.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York

Ajanda klimatik Eta New York la ki se lidè nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35%, avèk yon objektif 40%, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. New York, ki oryante pa

kèk nan inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, sou pwèn pou reyalize yon sektè enèji zewo emisyon vè 2040, ki enkli 70% pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwatye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redwi emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans plis pase 3,000% nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la vanse avèk apeprè 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak 100 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominote Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sibler polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)